amul benn jullit buy ñaan ñaan gu amul bàkkaar amul dog mbokk, lu dul ne Yàlla dana ko ko jox ci benn ci ñatt yii: ben mu gaawalal ko ag ñaanam, walla mu dencal ko ko ca allaaxira, walla mu wëlbatil ko ca lu bon lu toll ni moom" ñu ne ko: kon de dananu barile, mu ne: "Yàlla moo gën a barile

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudriyu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "amul benn jullit buy ñaan ñaan gu amul bàkkaar amul dog mbokk, lu dul ne Yàlla dana ko ko jox ci benn ci ñatt yii: ben mu gaawalal ko ag ñaanam, walla mu dencal ko ko ca allaaxira, walla mu wëlbatil ko ca lu bon lu toll ni moom" ñu ne ko: kon de dananu barile, mu ne: "Yàlla moo gën a barile".

[Wér na] [Ahmat soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne: bu jullit bi ñaanee ag ñaan gu bàkkaar amul niki mu ñaan ko yombalug moy ak tooñ, te it ñaanul dogug mbokk; niki mu ñaan ci kaw ay doomam ak i mbokkam, lu dul ne Yàlla dana ko jox ñaanam gi ci benn ci ñatti bir yii: Benn mu gaawalal ko ñaanam gi jox ko li mu ñaan. Walla Yàlla mu màgg mi dencal ko ko mu nekk ag fay ëllëg bis-pénc ci kaweg daraja, walla yërmànde ak jéggalug ñaawteef yi. Walla mu jeñal ko ci àdduna lu bon lu mel ni moom ci kem ñaan gi. Sahaaba yi wax Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: kon de dananu bari ay ñaan; ngir nu am benn ci ngëneel yii? Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne leen: la ne fa Yàlla moo gën a bari gën a màgg li ngeen koy ñaan, ay mayam du naaxsaay te du jeex.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5100